

**GOUVÈNÈ CUOMO KOUPE RIBAN NAN NOUVO KORIDÒ TRANSPÒ AYEWOPÒ
NAN ALBANY**

*Aprè 50 Ane Reta, Sòti 3 Finalman Vin yon Reyalite Avèk Nouvo Konèktè
Ayewopò Northway-Albany an - ki Ouvè yon Ane Anvan Dat Inisyèl la ki se 2020
ke yo te Prevwa epi Koute Mwens ke Bidjè a*

*Nouvo Sòti 3 ak remanman nan Sòti 4 ak 5 Amelyore Aksè rantrè ak soti
Ayewopò a, ak soulaje Anbouteyaj Sikilasyon sou Wout Ozalantou yo*

*Yon Pati nan 72.1 Milyon dola Envestisman Eta nan Ayewopò Albany gen ladan
Modènizasyon Etablisman Ayewopò, Nouvo Garaj Pakin pou Mil Veyikil, ak
Amelyorasyon Tèminal yo*

Inogire Nouvo Pano Byenvni Pòtay la Desen Achitekti yo — Disponib [Isit la](#)

Al Gade Videyo ki Eksplike Transfòmasyon Koridò Transpò Ayewopò a [Isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te koupe riban nan akonplisman Koridò Transpòtasyon Ayewopò Entènasyonal nan Albany. Ranp pasrèl Sòti 3 nan direksyon nò ke yo t'ap tann anpil la, ansanm ak ranp rantrè soti nan Sòti 4 ak 5 ki fèk konfigire e ki bay plis aksè dirèk a wout lokal yo nan Northway la ovri pou chofè yo jodi a. Nouvo Sòti 3, ke yo pale de li pandan dè deseni san ke li pa te pote fwi, ak amelyorasyon yo nan Sòti 4 ak 5 amelyore aksè nan antrè ak soti Ayewopò Entènasyonal Albany, epi fasilite anbouteyaj sou wout ozalantou yo, se eleman kle nan envestisman 72.1 milyon dola Eta a pou modènize ayewopò a. Pwojè koridò transpòtasyon ayewopò a te konplete yon ane anvan dat yo te prevwa pou 2020 an epi li koute mwens ke bidjè a. Atanke yon pati nan seremoni koupe riban jodi a, Gouvènè Cuomo te tou inogire [desen achitekti yo](#) pou nouvo pano byenvni pòtay la, ke Otorite Ayewopò Konte Albany te desine, pou komemore transfòmasyon ayewopò a ak koridò transpò li an.

"Yon mwatye syèk an reta ak inaksyon rive nan fen li gras ak ouvèti konplè Sòti 3 ak akonplisman nouvo Koridò Transpòtasyon Ayewopò Albany an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo sòti sa a bay vwayajè yo aksè amelyore a Ayewopò Entènasyonal Albany an, li redwi anbouteyaj epi ankouraje kwasans ekonomik kontinyèl nan Rejyon Kapital la. Li se prèv ke pa gen tankou New York nan kreye yon enfrastruktir transpò 21yèm Syèk."

Diskisyon sou yon Sòti 3 pou sèvi Ayewopò Entènasyonal Albany fèt depi anvan akonplisman Adirondack Northway plis pase 50 ane de sa. Nan konfigirasyon orikinal li a, Northway te soti nan Sòti 2 rive nan Sòti 4, alafwa nan direksyon nò ak sid.

Sepandan, se te sèlman nan dènye ane yo ke pwojè long dat sa ki vize pou ogmante sòti a vin pran anplè li.

Sòti 3 fè pati pwojè Konektè Ayewopò Northway-Albany an ak youn nan de pwojè eta patwone ki pral transfòme ayewopò an. An 2018, Gouvènè a te akòde finansman 22.1 milyon dola pou fè modènizasyon nan ayewopò a epi li te anonse 50 milyon dola tou pou konstwi yon Konektè a Ayewopò Albany an otou Northway ki pral soulaje blokis sikilasyon epi ofri tou premye lyen dirèk a ayewopò a. Lyen dirèk la se nouvo Sòti 3.

Transfòmasyon koridò a swiv dènye entwodiksyon nouvo Sòti 3 direksyon sid la ki bay yon koneksyon pi dirèk ak Ayewopò Entènasyonal Albany an, ak ranp ki konekte Albany Shaker Road nan I-87 South, ki bay aksè pi dirèk nan direksyon sid Northway la apati ayewopò a.

Finansman 22.1 milyon dola Eta pou modènize etablisman ayewopò a vini atravè 200 milyon dola Konpetisyon Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò a (Upstate Airport Economic Development and Revitalization Competition), ke Gouvènè Cuomo te anonse pou premye fwa nan Diskou Eta Leta 2016 li a epi apresya yo te adopte l nan Bidjè Eta 2017 la. Otorite Ayewopò Konte Albany an (Albany County Airport Authority) ak gouvènman Federal la ap bay lòt finansman pou pwojè modènizasyon an.

Yo te finanse pwojè konektè ayewopò a ki te koute 50 milyon dola gras a Plan Renouvèlman Enfrastrikti (Infrastructure Renewal Plan) 100 milya dola Gouvènè Cuomo a. Li gen ladan konstriksyon twa nouvo ranp pou nouvo Sòti 3 alwès I-87 nan direksyon sid.

Pou sikilasyon Northway nan direksyon nò, nouvo ranp lan pase nan yon nouvo pon sou Northway la nan yon konfigirasyon 'pasrèl', boukle pa dèyè ak alwès Otèl Desmond lan epi rive nan yon nouvo Kafou an fòm T ak Albany-Shaker Road, tou pre ayewopò a. Pou sikilasyon nan direksyon sid sou Northway a, yo te konstwi yon nouvo ranp sòti pou vwayaje dèyè Otèl Desmond an epi konekte ak yon ranp pasrèl ki mennen nan nouvo kafou T a, sa k ap evite blokis ki gen sou Wolf Road.

Direksyon nò Sòti 4 la rete enchanjab. Nan direksyon sid, yon nouvo Sòti 4 bay plis aksè dirèk a Wolf Road pou sikilasyon lokal.

Yo te elaji Albany Shaker Road avèk liy vire ant Wolf Road ak Meeting House Road e yo te enstale nouvo drenaj ak bòdi.

Yo te ajoute yon nouvo ranp antre dirèk soti nan Route 155 (Watervliet-Shaker Road) nan Sòti 5 pou rive nan direksyon sid sou Northway a, sa ki ap elimine nesosite pou gen soti ranp avan nan bò direksyon sid sou otowout la.

Nan bò direksyon vè lenò a, yo te pwolonje ranp antre ki akote batiman Times Union lan rive jis nan Sòti 5 pou Route 155 lan, sa ki ap kreye yon wout oksilyè ki pi long ki fè li pi fasil pou chofè yo konvèje nan direksyon nò Northway a epi pou kite otowout lan nan Sòti 5 sa k ap bon avantaj pou sikilasyon lokal la. Yo te ajoute yon miray pou bwi nan bò direksyon nò a ant Sòti 4 ak Sòti 5.

Pou vwayajè ki prale nan direksyon ayewopò a soti nan direksyon nò Northway lan, pwojè a te elimine nesosite pou vwayaje pase anba de (2) limyè sikilasyon adisyonèl. Pou vwayajè k ap pral nan direksyon sid sou Northway a, pwojè a te elimine bezwen pou yo vwayaje pase anba yon (1) limyè sikilasyon adisyonèl. Yo prevwa to aksidan yo ak tan vwayaj yo pral diminye kòm konsekans.

Pwojè a te ranfòse konektivite pou pyeton ak siklis yo lè yo mete twotwa sou bò sid Albany Shaker Road la ant wout konektè a ak Wolf Road, ansanm ak yon wout itilizasyon pataje ki ant Ayewopò Entènasyonal Albany ak wout konektè a.

Yon kantite anviwon 40,000 veyikil motorize pa jou ap itilize Sòti 4 lan nan Northway epi yon kantite anviwon 102,000 veyikil motorize ap vwayaje sou Albany-Shaker Road nan lokalite sa chak jou.

An Oktòb 2015, Depatman Transpò a te konplete yon pwojè 22.3 milyon dola pou ranplase pon yo ki ap pote Northway lan sou Albany-Shaker Road. Sa se te premye nan de (2) faz travay yo te planifye nan Sòti 4 la. Pwojè 2015 lan te ranplase de (2) pon ke yo te konstwi nan kad konstriksyon Northway orijinal la an 1959.

Konstriksyon wout konektè ayewopò a te libere tou gwo wout pasèl zòn komèsyal yo pou redevlopman komèsyal ak amelyorasyon sektè prive a ap fè. Investisman sa yo deja ap bay randman paske Piedmont Airlines anonse yo gen plan pou yo agrandi mendèv yo nan nouvo anga yo fenk renove sou pwopriyete ayewopò a.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation), Marie Therese Dominguez te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Cuomo a, Eta New York ap fè investisman istorik nan ayewopò nou yo ki pral soulaje chay vwayajè yo, ankouraje touris ak estimile aktivite ekonomik. Modènize ayewopò a pou vil kapital eta a ak bay yon lyen dirèk a ayewopò a apati Northway la pral fè li yon destinasyon ki pi fasil, pi atiran pou ale ladan ak ankouraje kwasans kontinyèl nan tout rejyon an".

Senatè Neil Breslin te deklare, "Akonplisman nouvo Sòti 3 nan Northway la se yon eleman kle nan efò modènizasyon 104,6 milyon dola Ayewopò Entènasyonal Albany an. Ansanm ak nouvo Sòti 3, pral genyen tou yon nouvo garaj pou pakin ak lòt travay reyabilitasyon nan tèminal prensipal la. Posede yon establisman ayewopò modèn sa enpòtan anpil nan byennèt ekonomik yon rejyon. Amelyorasyon sa yo pral asire ke ekonomi Kapital Rejyon an kontinye ap boujonnen".

Senatè Betty Little te deklare, "Komès se kle nan pwosperite nan kominote a epi san poze kesyon siksè Ayewopò Entènasyonal Albany an enpòtan nan siksè rejyon nou an. Li enpòtan pou asire ke moun ak machandiz ka rantre ak soti nan ayewopò a fasilman. Investisman enpòtan sa a pou konstwi yon pi bon enfrastrikti pi efikas pral yon gwo benefis pou anpil ane kap vini yo. Mwen kontan pou mwen rejwenn Gouvènè Cuomo ak anpil ofisyèl eli eta ak lokal yo pou selebre akonplisman pwojè sa a".

Manm Asanble Patricia Fahy te deklare, "Antanke premye ayewopò minisipal e ki pi ansyen nan nasyon an - Ayewopò Entènasyonal Albany te sibi plizyè transfòmasyon ki

kontinye plante li kòm pòtay Rejyon Kapital la, sant transpò prensipal, ak kondiktè ekonomik rejyonal. Amelyorasyon sa yo, ki enkli nouvo sòti 3 a, pral ede redwi anbouteyaj sikilasyon pandan lè blokis yo, diminye tan vwayaj yo, epi bay rezidan yo ak vizitè ki prale ak soti nan Ayewopò Entènasyonal Albany an yon nouvo pòtay ki aksesib dirèkteman nan Rejyon Kapital la. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak Depatman Transpò Eta New York pou vizyon yo ak dèske yo fè sa vin yon reyalite apre prèske 50 ane".

Manm Asanble a John T. McDonald te deklare, "Li vrèman bèl pou wè amelyorasyon ke yo t'ap tann depi lontan pou rezidan yo nan uit konte Rejyon Kapital la finalman pote fwi. Sòti 3 pral egziste kounye a nan Ayewopò Entènasyonal Albany an. Ouvèti nouvo sòti sa a pral fasilite aksè rantrè ak soti ayewopò a epi kalme sikilasyon pou biznis nan rantrè ak soti nan Wolf Road alafwa. Mwen rekonesan pou Depatman Transpò ak sipò Gouvènè Cuomo pou akonplisman pwojè sa a".

Manm Asanble Phil Steck te deklare, "Nou rekonesan pou sipò Gouvènè Cuomo pou akonplisman Koridò Transpòtasyon Ayewopò Entènasyonal Albany an. Vwayaj yo ka bouje ase san yo pa enkyete sou twòp trafik, ak pwojè sa a pa pral sèlman soulaje kèk nan strès vwayaj la men tou pèmèt nou akeyi plis vizitè nan Albany. Nou kontan wè yon pwojè ki nesese konsa finalman pote fwi".

Direktè Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare, "Sa a se yon jounen entèesan ke nou t'ap tann depi lontan pou chak rezidan nan Konte Albany ak Rejyon Kapital la ki toujou nan lite pou rive trape vòl yo oswa bloke nan anbouteyaj sikilasyon nan zòn ozalantou an. Mwen fyè pou m asosye avèk yon Gouvènè ki konprann lyen ant devlopman enfrastrikti kle nou yo, touris ak ekonomik, e mwen ap tann ak enpasyans randman ki pral soti nan nouvo Sòti 3".

Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare, "Nouvo Sòti 3 ke nou t'ap tann depi lontan se yon devlopman tout moun ki itilize koridò enpòtan sa a akeyi - li ede konekte rezidan yo san danje epi fasilite vizitè yo rejwenn Ayewopò Entènasyonal Albany an. Mèsi Gouvènè Cuomo, Komisè Dominguez, ak Depatman Transpò Eta New York dèske nou investi nan rejyon nou an ak dèske nou fè pwojè enpòtan sa reyalize anvan dat yo te prevwa epi li koute mwens ke sa ki te nan bidjè a".

Gary McCarthy, ki se Majistra Schenectady, te deklare, "Akonplisman pwojè enfrastrikti transfòmasyon sa a pral sipòte kwasans ekonomik kontinyèl nan Rejyon Kapital la. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak investisman li paske li modènize rezo transpò rejyon nou an pou rezidan ak biznis lokal yo".

Patrick Madden, ki se Majistra Troy, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Cuomo dèske li fè amelyorasyon esansyèl sa yo rive epi asire ke Ayewopò Entènasyonal Albany aksesib e reponn a nòm modèn yo. Pwojè sa a pral san dout amelyore lavi vwayajè yo chak jou sou Northway la ak eksperyans vwayajè yo nan antre ak soti nan Albany. M'ap tann ak enpasyans pou wè efè pozitif sou ekonomi ak enfrastrikti nou yo kòm rezilta devlopman sa yo".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Rejyon Kapital la (Capital Region Chamber) Mark Eagan te deklare, "Pwojè sa a te figire depi lontan nan lis souwè

rejyon nou an; Gouvènè Cuomo fè li vin yon reyalite. Nouvo Sòti 3 bay yon pòtay apwopriye pou Ayewopò Entènasyonal Albany an. Sòti 3, ansanm ak Sòti 4 ki rekonstwi a ak liy adisyonèl ant sòti 4 ak 5, ogmante mobilite ak amelyore sekirite piblik".

Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Ayewopò Konte Albany an, John O'Donnell te deklare, "Gouvènè Cuomo te ekspoze yon angajman alontèm pou amelyore ayewopò New York yo e jodi sa parèt klèman ak akonplisman Sòti-3, ki se dènye etap la ki pou bay aksè san danje epi imedyà pou 1.5 milyon vwayajè biznis ak lwazi nou yo".

Konsènan Konpetisyon Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò a

Konpetisyon Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò a k ap koute 200 milyon dola mande pou ayewopò Rejyon Nò yo imajine ayewopò a alavni an kòm nouvo pòtay prensipal pou rejyon an. Konpetisyon an ap ajoute sou reyisit Konpetisyon Konsepsyon Plan Direktè Gouvènè Cuomo genyen pou Ayewopò LaGuardia ak John F. Kennedy a, ansanm ak tout efò transfòmasyon k ap fèt aktyèlman nan plizyè ayewopò rejyonal nan rejyon sid eta a. Yo ap atribye finansman adisyonèl atravè Pwogram Sibvansyon Kapital Avyasyon (Aviation Capital Grant Program) Gouvènè a, sa k ap sipòte sekirite, enfrastrikti, ak pwòje devlopman ekonomik yo nan ayewopò ki pi piti atravè eta a yo.

Depatman Transpò Eta New York la ap jere konpetisyon an. Nan kad Konpetisyon an, Eta te mande pou ayewopò yo soumèt plan ki:

- Estimile aktivite ekonomik rejyonal yo, kreye travay epi atire biznis;
- Ogmante kapasite ak aksè a avyon, pòt anbakman, espas rekiperasyon malèt ak pakin;
- Konstwi enstalasyon ak mezi sekirite modèn pou pasaje yo;
- Entwodwi konsèp konsepsyon novatè epi pwomouvwa patenarya piblik-prive ak kapasite pou yo reyalize li byen rapid; epi
- Enkòpore teknoloji bilding ekolojik dirab ak teknoloji enèji renouvlab yo.

Konpetisyon Devlopman ak Revitalizasyon Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò Gouvènè Cuomo a gen ladan tou prim sibvansyon pou Ayewopò Rejyonal Elmira Corning lan, Ayewopò Entènasyonal Rejyon Metwopolitèn Rochester a, Ayewopò Entènasyonal Plattsburgh la, Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock la, ak Ayewopò Rejyonal Ithaca Tompkins lan. Plan ak konsepsyon anbisye ayewopò sa yo te devlope a yo pral ranfòse sekirite, amelyore operasyon ak aksè, redui enpak anviwònmanal yo, epi kreye pi bon eksperyans pou pasaje yo.

###

Lèt nouvel disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)